23-04-2020

# सर्वनाम

ओहन शब्द जे संज्ञाक स्थानपर आबय सएह थिक सर्वनाम। जेना- शिक्षक वर्गमे उपस्थित छथि आ ओ सर्वनाम पढ़ा रहल छथि। एतए शिक्षक जतए संज्ञा थिकाह ओताइ 'ओ' सर्वनाम थिक, कारण 'ओ' सँ शिक्षकक अनुभूति होइछ।

'सर्वनाम' छओ प्रकारक होइत अछि -

1. पुरुष वाचक सर्वनाम :-

जाहि सर्वनामसँ व्यक्तिक बोध होअए सएह थिक पुरुषवाचक सर्वनाम। एतए ध्यातव्य अछि जे पुरुषवाचकमे मात्र पुरुष नहि अपितु व्यक्तिविशेषकेर बोध होइछ। जेना - हम, तोँ, ओ आदि।

एहि पुरुषवाचककेँ तीनू भागमे बाँटल गेल अछि —

उत्तम पुरुष :- जे बाजए से थिक उत्तमपुरुष। जेना- (हम जाइत छी)। एतए 'हम' उत्तम पुरुष थिक।

मध्यम पुरुष :- जे सुनए अर्थात जकरा सँग उत्तम पुरुष गप्प करए से थिक मध्यम पुरुष। जेना- तोँ की करैत छह? एतए 'तोँ' मध्यम पुरुष थिक।

अन्य पुरुष :- जकरा विषयमे गप्प कएल जाए से थिक अन्य पुरुष। जेना - तोँ कहह जे ओ की करैत छल? एतए 'ओ' अन्य पुरुष सर्वनाम थिक।



2. प्रश्नवाचक सर्वनाम :-

जाहि सर्वनामसँ प्रश्नकेर बोध होइछ सएह थिक प्रश्नवाचक सर्वनाम। जेना - के जाए रहल अछि? एतए 'के' क माध्यमे प्रश्न पुछल जाए रहल अछि तेँ 'के' प्रश्नवाचक सर्वनाम भेल।

⇒

Scanned by TapScanner

3. सम्बन्धवाचक सर्वनाम :- एहन सर्वनाम जाहिसँ सम्बन्ध स्थापित होइत होअए सएह थिक सम्बन्धवाचक सर्वनाम। जेना — जे छी से लिखए। एतय 'जे' आ 'से' मे सम्बन्ध अछि तेँ ई दुइ सम्बन्धवाचक सर्वनाम थिक।

4. निश्चयवाचक सर्वनाम :- एहन सर्वनाम जाहिसँ निश्चितताक बोध होअए से थिक निश्चयवाचक सर्वनाम। जेना — ई हमर कलम थिक। एतए 'ई' मे निश्चितता छैक आन कोनो कलम नहि मात्र इएह तेँ 'ई' निश्चयवाचक सर्वनाम थिक।

5. अनिश्चयवाचक सर्वनाम :- जाहि सर्वनाममे अनिश्चितता रहए सएह थिक अनिश्चयवाचक सर्वनाम। जेना - जतबे अछि ततबे दिअउ। एतए 'जतबे' आ 'ततबे' मे कोनो निश्चित मात्राक ज्ञान नहि छैक, तेँ ई दुइ एहि वाक्यमे अनिश्चयवाचक सर्वनाम थिक।

6. निजवाचक सर्वनाम :- एहन सर्वनाम जाहिमे निजताक बोध होअए सएह थिक निजवाचक सर्वनाम। जेना :- ओ घरपर अपनहि छलाह। एतए 'अपनहि' मे निजताक भान होइछ आ तेँ ई शब्द निजवाचक सर्वनाम केर उदाहरण भेल।

प्रस्तुति :-
डॉ० अजीत मिश्र
मैथिली विभाग